

**LEKÒL TEKNIK REJYONAL BRISTOL-PLYMOUTH**  
**POLITIK ENSKRIPSYON 2025**  
**Aplikab pou Ane Lekòl 2025-2026**

**I. ENTWODIKSYON**

Dwe gen yon pwoesisis enskripsyon pou lekòl pwofesyonèl-teknik kote kantite plas pou elèv yo limite. Yo kreye pwogram edikasyon pwofesyonèl-teknik yo pou sèvi yon kantite elèv limite an sekirite. Konsa, espas kanpous atelye a pa ka asire gen ni plas ni fleksibilité pou jere bezwen tout aplikan ki vle enskri yo. Kidonk, oblige gen yon pwoesisis pou seleksyone aplikan yo. Y ap evalye tout aplikan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth yo, soti nan 9<sup>yèm</sup> ane rive nan 12<sup>yèm</sup> ane, pa mwayen yon kritè ki fè pati Politik Enskripsyon sa a. Komite Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la te apwouve politik sa a sou dat 2 oktòb 2024, ki koresponn an règ 603 CMR 4.03(6).

**II. OPÒTINITE EDIKASYON SAN PATIPRI**

Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth seleksyone elèv e li ba yo avantaj, privilège ak kou etid san patipri ki baze sou ras, koulè po, sèks, idantite sèks, reliyon, oriijn nasyonal, andikap, oryantasyon seksyèl, laj, stati ekonomik/stati sanzabri, oswa si moun nan ansent oswa li gen yon kondisyon ki gen rapò ak gwoès. Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la detèmine pou l founi opòtinite edikasyon pou elèv ki gen sikonstans sanzabri. Tanpri kontakte Lyezon Sanzabri, ki rele Melanie Shaw, pa imèl nan [mshaw@bptech.org](mailto:mshaw@bptech.org), pa telefòn nan (508) 823-5151 eks. 115, pa faks nan (774) 299-6355, oswa ou ka ekri li nan adrès 207 Hart Street, Taunton, MA 02780.

Si yon elèv gen limit nan domèn konpreyansyon lang anglè, yon reprezantan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth kalifye pral ede l konplete fòmilè nesesè yo, e l ap ede l avèk sèvis tradiksyon yo pandan tout pwoesisis aplikasyon ak enskripsyon an, si aplikan an mande sa.

Yon elèv ki gen yon andikap gendwa fè nou konnen sa, e konsa li ka fè demann pou modifikasyon rezonab pandan tout pwoesisis aplikasyon an.

Enfòmasyon aplikan an pataje volontèman pou l ka resevwa èd ak modifikasyon pandan pwoesisis aplikasyon an, poutèt konpreyansyon lang anglè li limite oswa poutèt yon andikap, pap gen okenn efè negatif sou si l ap enskri nan lekòl la.

**III. KALIFIKASYON YO**

Nenpòt elèv 8<sup>yèm</sup> oswa 9<sup>yèm</sup> ane lekòl k ap viv nan zòn Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la (Taunton, Berkley, Bridgewater, Dighton, Middleboro, Raynham, Rehoboth, Freetown) ki atann pou l avanse nan pwochen klas suivan an kalifye pou l ranpli yon aplikasyon enskripsyon pou l kòmanse lekòl lè li ouvri nan otòn oswa pou l kòmanse yon lòt lè pandan ane lekòl la, sa depann si gen plas elèv ki disponib nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth. Y ap evalye elèv ki viv nan zòn Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth yo selon kritè ki nan Politik Enskripsyon sa a. Yo bay elèv k ap viv nan zòn Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la yo priyore pou enskripsyon.

Elèv ki pa viv nan zòn Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth yo kapab ranpli yon aplikasyon enskripsyon pou kòmanse lè lekòl ouvri nan otòn oswa pou yon lòt lè pandan ane lekòl la, sa depann si gen plas elèv ki disponib nan Bristol-Plymouth, si yo atann pou distri kote y ap viv la avanse yo nan pwochen klas suivan an.

Y ap evalye elèv ki pap viv nan zòn distri a selon kritè ki tou enkli nan Politik Enskripsyon sa a. Se pa tout pwogram Edikasyon Teknik ki Mennen nan Karyè (CVTE) ki apwouve anba lwa eta a (M.G.L. c.74) ki disponib nan tout distri yo. Si yon elèv vle enskri nan yon pwogram ki pa disponib kote li rete a, li gendwa fè yon aplikasyon antanke yon moun ki pa viv nan zòn distri a pou lekòl CVTE k ap ofri pwogram li vle a. Sepandan, yo dwe enskri elèv ki viv nan zòn distri a, e ki ranpli kalifikasyon enskripsyon minimòm yo, anvan yo enskri moun ki pa rete nan zòn nan e ki vle enskri nan menm lekòl/pwogram CVTE yo. Yo dwe konsidere tout aplikasyon enskripsyon konplè pou elèv ki rete nan distri a yo anvan yo konsidere aplikasyon pou elèv ki pa rete nan distri a.

## FICHYE: JEC (KONTINYE)

Anplis ranpli elèv ki pa viv nan zòn distri a ranpli yon aplikasyon pou l'enskri nan lekòl/pwogram CVTE li vle a, li dwe tou soumèt yon aplikasyon bay distri kote li rete a pou l'mande distri sa a peye fre lekòl pou elèv ki pa rezidan yo.

Gen règ konsènan kalandriye pou n suiv an rapò ak enskripsyon moun ki pa viv nan distri a nan CMR 603 4.03(6)(b). Gen kèk dat ki enpòtan pou elèv ak fanmi yo ki site pi ba a:

- Elèv ki pa viv nan zòn distri yo dwe soumèt aplikasyon enskripsiyon pou lekòl/pwogram CVTE yo vle a anvan 1 fevriye ane lekòl ki rive anvan ane yo vle asiste a.
- 1. Elèv ki pa viv nan zòn distri yo dwe soumèt yon aplikasyon pou fre lekòl bay distri kote yo rezide a anvan 1 mas ane lekòl ki rive anvan ane yo vle asiste a.
- 2. Si yon distri pa apwouve aplikasyon yon elèv fè pou peye fre lekòl yo, paran elèv la gendwa mande Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (DESE) evalye ka dezapwouve sa a. Paran oswa responsab elèv la dwe soumèt demann sa a alekri, ansanm ak dokiman k ap soutni demann nan, bay DESE anvan 1 me ane lekòl ki rive anvan ane yo vle asiste a.

Tanpri voye deman apèl sa yo pa mwayen youn nan fason ki site pi ba yo:

Imèl- [ccte@mass.gov](mailto:ccte@mass.gov)

An Papye-  
Office of College, Career, and Technical Education  
Department of Elementary and Secondary Education  
75 Pleasant Street  
Malden, MA 02148

Ou gendwa konsilte paj Enskripsiyon DESE pou CVTE pou gade règ sou fre lekòl moun ki pa rezidan yo ak pou fòmilè aplikasyon an.

Si yon elèv demenaje apre 1 mas ale nan yon distri ki pa fè pati lekòl/pwogram CVTE li a, li dwe soumèt yon nouvo aplikasyon pou fre lekòl yo bay distri lakay li osito ke posib.

Direktè ki nan nouvo distri a dwe swa aprouve swa dezapwouve aplikasyon an anvan 10 jou lekòl pase apre jou li resevwa aplikasyon an. Si Direktè a dezapwouve aplikasyon pou peye fre lekòl la, paran oswa moun ki responsab elèv la dwe soumèt demann sa a alekri, ansanm ak nenpòt dokiman ki soutni demann nan, bay DESE anvan 14 jou lekòl pase apre li resevwa avi dezapwouve a.

Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la pa ofri sèvis transpò ale vini nan lekòl pou elèv yo aksepte enskri nan lekòl, men ki pa viv nan zòn distri a.

Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la pa patisipe nan Pwogram Chwa Lekòl la.

Elèv ki déjà ap asiste yon lekòl teknik, men ki vle transfere nan Bristol-Plymouth pou klas 10<sup>yèm</sup> a 12<sup>yèm</sup> ane yo kapab ranpli yon aplikasyon enskripsiyon pou kòmanse swa lè lekòl ouvri nan otòn swa yon lòt lè pandan ane lekòl la, si yo atann lekòl kote yo asiste kounye a pral avanse yo nan pwochen klas suivan an. Y ap evalye elèv ki transfere yo selon kritè ki ekri nan Politik Enskripsiyon sa a e y ap mete yo nan yon lokal teknik si gen plas ki disponib.

Y ap aksepte elèv ki sanzabri yo nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth selon kritè seleksyon ki ekri nan Politik Enskripsiyon sa a.

Elèv k ap suiv pwogram lekòl lakay gendwa fè aplikasyon pou enskri nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth, depi yo ranpli tout kritè ki nan politik enskripsyon an. Paran oswa responsab elèv k ap suiv pwogram lekòl lakay yo dwe soumèt yon kopi Lèt Apwobasyon Lekòl Lakay ki soti nan men Direktè Lekòl lokal la. Y ap aksepte elèv k ap suiv pwogram lekòl lakay nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth selon kritè pou seleksyone elèv ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a. Tanpri gade Seksyon VI. Pwoesis Aplikasyon an pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan kritè yo sèvi pou seleksyone elèv yo.

#### **IV. FASON SA ÒGANIZE**

Bristol-Plymouth se yon lekòl rejyonal teknik piblik. Li sitye sou yon trè bèl kanpous nan Taunton, Massachusetts. Bristol-Plymouth se manm Distri Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth, e li sètifye pa Asosyasyon Lekòl ak Kolèj New England la. Bristol-Plymouth detèmine pou l òganize pwogram teknik ki bon kalite yo.

Se responsabilite Direktè Anchèf Bristol-Plymouth pou l sipèvize administrasyon politik ak pwosedi yo fikse pou enskri aplikan yo selon tout règ ki nan Politik Enskripsyon sa a.

Bristol-Plymouth gen yon Komite Enskripsyon. Se Direktè Anchèf ki nome manm yo. Komite a gen ladan l manm Depatman Administrasyon, Konsèy, Bezwèn Espesyal ak Depatman Teknik ak Akademik yo. Men ki responsabilite Komite Enskripsyon an genyen:

1. Detèmine estanda enskripsyon yo
2. Devlope ak mete an pratik pwosedi enskripsyon yo
3. Jere aplikan yo
4. Klase elèv yo selon ran
5. Aksepte elèv yo selon pwosedi ak kritè ki site nan Politik Enskripsyon an
6. Tabli ak jere lis atant pou tout kandida akseptab ki gentan ranpli aplikasyon yo nèt

Se Administratè Sèvis Elèv Bristol-Plymouth la ki responsab pataje enfòmasyon sou Bristol-Plymouth atravè asanble lekòl ak piblikasyon laprès yo, e li responsab pou l ransable aplikasyon ki soti nan men lekòl lokal ak sit entènèt ak lojisyl yo. Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la pa founi syèj pou moun ki nan vil ak vilaj ki nan distri a.

#### **V. PWOESIS REKRITMAN AN**

1. Bristol-Plymouth pataje enfòmasyon sou lekòl la pa mwayen plizyè kalite metòd.

- a. Anplwaye Bristol-Plymouth yo konn vizite elèv 8<sup>yèm</sup> ane nan lekòl lokal yo, e yo pase yon prezantasyon PowerPoint. Presantasyon sa yo pwograme pandan mwa septanm rive novanm.
- b. Yo pwograme yon evènman Mezon Ouvè nan moman otòn nan. Elèv ki enterese ansanm ak paran oswa moun ki responsab yo gen yon opòtinite pou vizite tout pwogram teknik yo, pou yo pale ak pwofesè yo, e yo gendwa gade prezantasyon sou kou akademik ak kou teknik nou ofri yo. Yo voye envitasyon Mezon Ouvè nan imèl pou elèv k ap fè 7<sup>yèm</sup> ak 8<sup>yèm</sup> ane lekòl ak paran yo.
- c. Yo envite tout elèv 8<sup>yèm</sup> ane lekòl fè yon tou kanpous teknik Bristol-Plymouth la ansanm ak lekòl entèmedyè kote yo mache yo. Yo pwograme tou sa yo pandan mwa desanm ak janvye.
- d. Y ap distribye bwochi ki esplike pwogram yo, san wete kou akademik, spò ak edikasyon kowoperatif yo, pandan elèv 8<sup>yèm</sup> ane yo ap vizite lekòl la, pandan Mezon Ouvè, ak pandan prezantasyon yo fè nan lekòl lokal yo.

- e. Yo pataje komunikasyon sou rekritman pa mwayen rezo sosyal ak nan [www.bptech.org](http://www.bptech.org).
- f. Paran oswa moun ki responsab elèv (yo) gendwa pwogramme yon tou oswa yon vizit endividiyèl apre orè lekòl yo nan yon moman ki apwopriye pou tout.
- g. Elèv ki sanzabri ak elèv k ap suiv pwogram lekòl lakay yo gendwa kontakte lekòl entèmedyè k ap voye elèv fè yon tou pou jwenn plis enfòmasyon konsènan tou ak aplikasyon yo, oswa yo gendwa kontakte Depatman Sevis Elèv pou jwenn yon tou.

## **VI. PWOESIS APLIKASYON AN**

### **PWOESIS APLIKASYON AN – POU ENSKRIPSYON OTÒN\* POU 9<sup>YÈM</sup> AK 10<sup>YÈM</sup> ANE LEKÒL**

- 1. Elèv ki vle fè aplikasyon pou enskri nan pwogram edikasyon pwofesyonèl/teknik Bristol-Plymouth pou 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane lekòl k ap kòmanse nan moman otòn yo dwe:
  - a. Ranpli yon aplikasyon elektwonik oswa yon aplikasyon papye pou Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth, oswa chèche yon aplikasyon nan men konseye lekòl, epi remèt li pi bonè nan ane ki posib. Konekte sou sit [www.bptech.org](http://www.bptech.org), klike sou **enskripsiyon** (“admissions” an anglè), epi konplete aplikasyon elektwonik ou, san wete **siyati paran ak elèv yo**.
  - b. Y ap kòmanse mete aplikasyon ki ranpli yo nan pwosesis la yonfwa aplikan an fin siyen e remèt li. Remèt aplikasyon papye ou fin ranpli bay Administratè Sèvis Elèv pou Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la anvan 1 fevriye.
  - c. Fè yon entèvyou nan lekòl entèmedyè elèv la, oswa nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la. Si aplikan an oswa paran/responsab elèv la pa ka founi transpò, yon reprezantan Bristol-Plymouth prale nan lekòl lokal li a pou l fè entèvyou ak elèv la.
  - d. Suiv yon entèvyou nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth pou konplete pwosesis la.
  - e. Ni paran/responsab elèv la ni distri lekòl kote elèv la soti a pral repase sou tout dosye elèv yo remèt bay Biwo Enskripsiyon an anvan 1 fevriye pou asire tout enfòmasyon kòrèk.
- 2. Se responsabilite konseye lekòl lokal la pou:
  - a. Konplete pati pa l sou fòmilè aplikasyon Bristol-Plymouth la sou entènèt oswa an papye.
  - b. Konplete aplikasyon an sou entènèt oswa voye kopi papye ki konplete a bay Administratè Sèvis Elèv Bristol-Plymouth la anvan 1 mas (ansanm ak yon kopi papye nòt elèv, asistans li, ak ka disiplin ki anrejistre nan dosye li rive nan dat 1 mas). Bristol-Plymouth pap aksepte dosye ki ajiste oswa ki Mizajou nan men paran, lekòl entèmedyè, oswa lekòl k ap voye elèv yo apre premye vire apwobasyon an. Aplikasyon konplè yo dwe gen ladann:
    - i. Fòmilè aplikasyon ki fin konplete (san wete siyati obligatwa yo)
    - ii. Pou aplikasyon elèv 9<sup>yèm</sup> ane yo, yo dwe bay kane nòt konplè pou 7<sup>yèm</sup> ane ak kane nòt pou premye 2 trimès 8<sup>yèm</sup> ane (mitan ane); total absans non-apwouve pou 7<sup>yèm</sup> ane nèt ak pou premye 2 trimès 8<sup>yèm</sup> ane (mitan ane) ki soti nan kane nòt lekòl la; total evalyasyon ofans pou 7<sup>yèm</sup> ane nèt ak pou premye 2 trimès 8<sup>yèm</sup> ane (mitan ane) ki te rezulta nan sispansyon oswa ekspilsyon selon règ M.G.L. c.71, §37H oswa règ M.G.L. c.71, §37H ½, oswa ki rezulta nan sispansyon oswa ekspilsyon pou plis pase 10 jou pou yon sèl ofans oswa plizyè ofans mèt ansanm selon règ M.G.L. c. 71, §37H ¾, ki soti nan kane nòt lekòl, evalyasyon konseye lekòl, oswa nan rekòmandasyon

konseye lekòl la, ak fòmilè pèmision pou disiplin (siyen pa Direkte oswa Direktè Adjwen).

\* *elèv k ap soumèt yon aplikasyon enskripsiyan pandan moman ivè oswa prentan pou kòmanse klas nan otòn k ap vini an, oswa aplikan transfè profesyonèl-teknik Chapit 74 yo*

3. Y ap konsidere aplikasyon nan men elèv ki enskri nan yon pwogram lekòl pwofesyonèl teknik leta apwouye (Chapit 74) k ap soti nan yon lòt lekòl (elèv transfere yo) pou enskripsiyan (san wete enskripsiyan pandan ane lekòl la) si yo demenaje kite zòn lekòl aktyèl yo e si yo vle kontinye suiv menm pwogram etid nan Bristol-Plymouth, sa depann de si gen plas disponib. Elèv ki vle transfere soti nan yon lòt pwogram edikasyon pwofesyonèl teknik Chapit 74 pou ale nan pwogram NEVYÈM, DIZYÈM, ONZYÈM, AK DOUZYÈM yo dwe:
  - a. Konplete yon aplikasyon sou entènèt oswa an papye pou Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth, oswa chèche youn nan men konseye lekòl lokal la, pi bonè nan ane lekòl ke posib. Konekte sou sit [www.bptech.org](http://www.bptech.org), epi kliké sou **enskripsiyan** (“admissions” an anglè) pou konplete aplikasyon elektwonik la, san wete **siyati paran ak elèv yo**.
  - b. Yonfwa aplikan an fin ranpli, siyen e soumèt aplikasyon an, l ap antre yon fason otomatik nan sistèm nan. Remèt aplikasyon an papye ki fin ranpli bay Administratè Sèvis Elèv Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la.
  - c. Pou aplikasyon 10<sup>yèm</sup> ane, (tout nouvo aplikan ak aplikan k ap transfere soti nan lòt lekòl yo), 11<sup>yèm</sup> ane, ak 12<sup>yèm</sup> ane lekòl yo (aplikan ki soti nan yon lòt pwogram Chapit 74 pwofesyonèl teknik), ou dwe remèt kane nòt konplè pou ane anvan an ak kane nòt aktyèl ki gen nòt premye 2 trimès yo ladan 1 (mitan ane); total absans non-apwouye pou ane anvan ak premye 2 trimès ane aktyèl la ki soti nan kane nòt lekòl la; evalyasyon ofans pou ane anvan ak premye 2 trimès ane aktyèl la (mitan ane) ki te rezulta nan sispansyon oswa ekspilsyon selon règ M.G.L. c.71, §37H oswa M.G.L. c.71, §37H ½, oswa ki rezulta nan sispansyon oswa ekspilsyon pou plis pase 10 jou pou yon sèl ofans oswa plizyè ofans mèt ansanm selon règ M.G.L. c. 71, §37H (ki soti nan kane nòt lekòl, evalyasyon konseye lekòl, oswa nan rekòmandasyon konseye lekòl la, ak fòmilè pèmision pou disiplin tou siyen).
4. Si yo resevwa fòmilè aplikasyon ki pa fin ranpli, y ap suiv etap suivan sa yo:
  - a. Depatman Sèvis Elèv nan Bristol-Plymouth pral enfòme konseye lekòl ki responsab soumèt aplikasyon yo ke aplikasyon an pa fin ranpli, e yo pral mande l fin konplete l.
  - b. Administratè Sèvis Elèv Bristol-Plymouth la pral enfòme paran/responsab aplikan an sizoka konseye lekòl lokal la pa rezoud pwoblèm nan.
  - c. Si apre yo fin enfòme konseye lekòl lokal la ak paran oswa moun ki responsab elèv (yo) ke aplikasyon an toujou pa fin konplete anvan dat bilan pou konseye lekòl yo remèt aplikasyon yo, ki se 1 mas, e si gen prèv yo te eseye kontakte paran oswa responsab aplikan an sou sa, y ap rann aplikasyon an nil.

### **APLIKASYON KI AN RETA**

Yo gendwa pa konsidere oswa aksepte aplikasyon yo resevwa apre 1 fevriye jiskaske yo fin konsidere tout lòt aplikasyon ki sou lis atant lan.

### **ANSYEN ELÈV AK ELÈV KI DEMENAJE ALE NAN LÒT DISTRI**

Elèv ki kite Bristol-Plymouth e k ap asiste, oswa ki pap asiste yon lòt lekòl segondè, gendwa ranpli yon aplikasyon pou yo enskri ankò nan Bristol-Plymouth lè yo suiv pwosesis ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a. Y ap evalye moun yo selon kritè ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a. Nenpòt elèv yo apwouve ki vin kòmanse asiste lekòl Bristol-Plymouth, men apre sa ki vin demenaje soti nan distri a, remèt plas li, e yo konsidere l antanke yon moun ki pa viv nan zòn distri a. Si li vle, elèv la gendwa ranpli yon nouvo aplikasyon kòm yon aplikan ki pa viv nan distri a, pandan l ap suiv pwosesis ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a. Y ap evalye moun yo selon kritè ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a.

## **VII. KRITÈ POU SELEKSYONE**

Se Komite Enskripsyon an ki jere aplikasyon ki fin ranpli yo, toutpandan yo itilize yon sistèm seleksyon ki baze sou diferan kalite kritè. Chak aplikan ap jwenn yon nòt total ki soti nan pwen li fè pou chak kritè. Men kritè ak pwen yo:

### A. Pèfòmans Lekòl (Maksimòm 20 pwen)

<u>Nòt</u>	<u>Pwen</u>
A – B	2.5
C	2
D	1
F	0

Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup> ane yo (enskripsiyon moman otòn), yo sèvi ak mwayen nòt ki soti nan 7<sup>yèm</sup> ane ak premye 2 trimès (mitan ane) 8<sup>yèm</sup> ane nan sijè anglè, syans sosyal, matematik, ak syans; nòt sa yo soti nan kane lekòl lokal la. Pou aplikasyon 10<sup>yèm</sup> ane yo (enskripsiyon moman otòn, pou plas ki disponib e limite), y ap itilize mwayen nòt pou ane anvan an ak nòt premye 2 trimes (mitan ane) ane aktyèl la nan sijè anglè, syans sosyal, matematik, ak syans; nòt sa yo soti nan kane lekòl lokal la.

Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup>, 10<sup>yèm</sup>, 11<sup>yèm</sup> ak 12<sup>yèm</sup> ane yo (elèv 11<sup>yèm</sup> oswa 12<sup>yèm</sup> ane k ap transfere soti nan yon pwogram lekòl pwofesyonèl teknik leta apwouve (Chapit 74) ki nan yon lòt lekòl), (enskripsiyon pandan ane lekòl la) y ap itilize mwayen nòt ki soti nan ane lekòl aktyèl la rive nan dat aplikasyon an pou nòt li jwenn nan sijè anglè, syans sosyal, matematik, ak syans; nòt sa yo soti nan kane lekòl lokal la.

### B. Asistans: (Maksimòm 20 pwen)

<u>Kantite Absans Non-Apwouve</u>	<u>Pwen pou Ane Konplè (180 jou)</u>	<u>Pwen pou Mwatye Ane (90 jou)</u>
0-2	15	0-1
3-5	12	2-3
6-8	9	4-5
9-11	6	plis pase 5
12-14	3	0
Plis pase 15	0	

Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup> ane yo (enskripsiyon moman otòn), y ap itilize total kantite absans non-apwouve yo pou 7<sup>yèm</sup> ane ak premye 2 trimès (mitan ane) 8<sup>yèm</sup> ane, soti nan kane lekòl lokal la. Pou aplikasyon 10<sup>yèm</sup> ane yo (enskripsiyon moman otòn), y ap itilize total kantite absans non-apwouve pou ane anvan an ak premye 2 trimès (mitan ane) ane aktyèl la, soti nan kane lekòl lokal la. Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup>, 10<sup>yèm</sup>, 11<sup>yèm</sup> ak 12<sup>yèm</sup> ane yo (elèv 11<sup>yèm</sup> oswa 12<sup>yèm</sup> ane lekòl k ap transfere soti nan yon pwogram lekòl pwofesyonèl teknik leta apwouve (Chapit 74) ki nan yon lòt lekòl), (enskripsiyon pandan ane lekòl la) y ap itilize ane lekòl aktyèl la rive nan dat aplikasyon an, absans non-apwouve ki soti nan kane lekòl lokal la, ak rapò asistans yo.

### C. Disiplin Lekòl/Konpòtman (Maksimòm 10 pwen):

<u>Nòt Disiplin/Konpòtman</u>	<u>Pwen</u>
-------------------------------	-------------

## FICHYE: JEC (KONTINYE)

Ekselan	0 sispansyon long tèm	10
Mwayen	1 ensidan ki te rezulta nan 1 sispansyon long tèm egal ak 10 jou total oswa 10 jou mèt ansanm	5
Fèb	1 ensidan oswa plis ki te rezulta nan plis pase 10 jou total oswa 10 jou mèt ansanm	0

Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup> ane (enskripsiyon moman otòn), y ap sèvi ak konpòtman ki soti nan kane lekòl lokal la oswa evalyasyon konseye lekòl la pou 7<sup>yèm</sup> ane ak premye 2 trimès (mitan ane) 8<sup>yèm</sup> ane. Pou aplikasyon 10<sup>yèm</sup> ane yo (enskripsiyon moman otòn), y ap sèvi ak konpòtman ki soti nan kane lekòl lokal la oswa evalyasyon konseye lekòl la pou ane pase ak premye 2 trimès (mitan ane) ane sa a.

Pou aplikasyon 9<sup>yèm</sup>, 10<sup>yèm</sup>, 11<sup>yèm</sup> ak 12<sup>yèm</sup> ane yo (elèv 11<sup>yèm</sup> oswa 12<sup>yèm</sup> ane lekòl k ap transfere soti nan yon pwogram lekòl pwofesyonèl teknik leta apvouve (Chapit 74) ki nan yon lòt lekòl), (enskripsiyon pandan ane lekòl la) y ap sèvi ak konpòtman ki soti nan kane lekòl lokal la oswa evalyasyon konseye lekòl la pou ane lekòl aktyèl rive nan dat aplikasyon an, ansanm ak fòmilè disiplin yo te soumèt la.

### D. Rekòmandasyon Konseye Lekòl oswa Reprezantan li (Maksimòm 15 pwen):

Li baze sou pèfòmans elèv la selon nivo klas aktyèl li nan 4 domèn: Abitid Etidye/Abitid Travay, Patisipasyon nan Salklas, Pèsistans/Efò, ak Responsabilite Pèsonèl. Y ap kalkile nòt mwayèn nan selon klasman ki vin apre yo.

#### Klasman

Rekòmandasyon Ekselan	12-15
Rekòmandasyon Modere	10-12
Rekòmande	7-9
Rekòmandasyon Limite	4-6
Rekòmandasyon Fèb	1-3

### E. Entèvyou (Maksimòm 35 pwen):

#### Klasman

Kandida Fò	30-35
Kandida Pi Bon Pase Mwayèn	25-29
Kandida Mwayèn	20-24
Kandida Pi Ba Pase Mwayèn	15-19
Kandida Minim	10-14

## VIII. PWOESIS POU SELESYONE

Komite Enskripsiyon Bristol-Plymouth la pral egzamine aplikan yo, pale sou yo, epi ba yon rekòmandasyon sou chak aplikan.

Komite Enskripsiyon an konsidere pèfòmans lekol, asistans, disiplin, rekòmandasyon konseye lekòl, ak rezulta entèvyou reprezantan B-P a. Yo analize, jere, e asiyen pwen pou chak aplikan nan chak nivo klas.

Apre yo fin kalkile pwen total pou chak aplikan ki rete nan zòn distri a, yo ranje tout aplikan rezidan yo selon lòd “pwen total” yo. Apre sa, yo aksepte aplikan ki rete nan zòn nan selon lòd pwen yo resevwa. Y ap aksepte aplikan ki rete nan zòn nan ki gen plis pwen an premye, yo aksepte aplikan rezidan an ki gen dezyèm kantite pwen an dezyèm, e ansuit, jiskaske yo ranpli tout plas elèv yo. Yo swa aksepte, swa mete sou yon lis atant, tout aplikan ki rete nan zòn nan. Si gen plas ki vin disponib, yo ofri plas sa yo a aplikan rezidan ki sou lis atant la. Yo aksepte aplikan rezidan sa yo, menmjan ak aplikan rezidan ki gentan aksepte

## FICHYE: JEC (KONTINYE)

deja yo, selon lòd non ki sou lis atant lan ki baze sou total kantite pwen yo te jwenn selon kritè seleksyon an. Lis atant la valab pou ane aktyèl la sèlman.

Yo evalye aplikan ki pa rete nan zòn distri a selon kritè ki ekri nan Politik Enskripsyon sa a, e y ap mete yo sou lis atant lan apre aplikan rezidan yo. Y ap aksepte aplikan non-rezidan ki sou lis atant lan sèlman si yo gentan aksepte tout aplikan rezidan ki sou lis atant lan deja. Lis atant lan valab pou ane aktyèl la sèlman.

Yo pral evalye aplikasyon yo resevwa, e kapab analize apre 1 fevriye, selon menm kritè lòt aplikasyon yo, e y ap kalkile total kantite pwen yo e mete yo nan lis atant selon rezulta yo. Lis atant ap rete aktif pandan ane aktyèl la.

Tout aplikan ki voye aplikasyon yo bay Bristol-Plymouth *anvan* 1 fevriye (ki se dat yo fè desizyon yo) ap jwenn yon avi sou estati yo pa mwayen yon lèt (y ap sèvi ak adrès imèl ki sou aplikasyon an pou voye yon imèl bay paran yo) yo voye bay paran/respondsab yo ak yon lis yo voye bay konseye lekòl lokal yo. Aplikan ki voye aplikasyon yo bay Bristol-Plymouth *apre* 1 fevriye ap kapab tcheke estati aplikasyon yo pa mwayen sitwèb la.

Apre yo fin bay pwen nan chak domèn, yo kalkile total kantite pwen chak aplikan genyen. Maksimòm kantite pwen yon aplikan ka jwenn se san (100) pwen. Si gen de aplikan sou lis akseptans oswa lis atant lan ki gen menm kantite pwen, y ap bay preferans a aplikan ki gen plis pwen nan domèn ki vin apre yo: 1 Entèvyou, 2 Pèfòmans Akademik, 3 Konpòtman, 4 Asistans, ak 5 Rekòmandasyon. Si, apre sa, kantite pwen yo toujou egal, y ap sèvi ak sistèm lotri pou deside kiyès y ap aksepte.

Y ap bay elèv yo 2 semèn pou swa aksepte swa refize envitasyon Bristol-Plymouth la apre yo voye lèt avi akseptans lan ki sou sitwèb la pa mwayen imèl e pa mwayen sèvis Lapòs Etazini. Yo **gendwa** jere aplikasyon yo piti a piti, e y ap mete aplikan yo sou lis atant sou baz pwen yo. Yo pap aksepte okenn elèv apre 1 oktòb, eksepte elèv CVTE ki viv nan distri a e k ap transfere antre nan yon pwogram ki gen plas. Elèv ki chanje lide apre yo fin refize envitasyon an pral oblige refè yon aplikasyon ankò.

## IX. ENSKRIPSYON

Elèv ki vle kòmanse asiste Bristol-Plymouth lè lekòl ouvri nan otòn dwe reyisi pase ane lekòl ki vini anvan klas yo vle enskri ladan I nan Bristol-Plymouth. **Pou yo aksepte e enskri yon elèv nan Lekòl Rejyonal Teknik Bristol-Plymouth, fòk aplikasyon an te fin ranpli e enfòmasyon ladan I dwe kòrèk.** Lekòl Rejyonal Teknik Bristol-Plymouth la gen dwa legal pou I revoke envitasyon nenpòt elèv nenpòt lè si li aprann elèv la, paran oswa responsab elèv la (yo), oswa distri lekòl k ap voye elèv la, te fè espre bay enfòmasyon ki pa kòrèk, pa konplè, oswa ki tòde pandan pwosesis aplikasyon an. Yo gendwa mete elèv ki pa reponn envitasyon anvan dat bilan an sou lis atant.

**Anvan elèv la enskri, paran oswa responsab li dwe remèt: prèv li rete nan zòn distri a, rezulta yon egzamen konplè doktè ki te fèt pandan dènye 13 mwa ki sòt pase yo, ak kane nòt pou fin ane ki montre elèv la te pase. Si yo pa resevwa dokiman sa yo, y ap konsidere aplikasyon an kòm yon aplikasyon ki pa konplè, e y ap retire I sou lis enskripsiyo Bristol-Plymouth pou ane lekòl k ap vini an.**

## X. PLASMAN NAN PWOGGRAM TRAVAY TEKNIK

Tout elèv 9<sup>yèm</sup> ane k ap asiste Bristol-Plymouth yo patisipe nan Pwogram Eksplorasyon, ki se yon pwogram eksperyans teknik ki gen 3 faz ladan I e ki fèt pou ede elèv yo aprann plis sou talan yo ak ki karyè ki enterez yo pamí yon varyete pwogram teknik. Anplis de sa, enstriktè pwogram teknik yo evalye elèv yo pandan Pwogram Eksplorasyon an.

Men pwogram Pwogram Eksplorasyon an:

Faz I – Eksperyans Freshman (kòmanse depi lekòl ouvri rive nan mitan mwa septanm)

Faz II – Eksplorasyon Freshman (mitan mwa septanm rive mitan mwa janvye)

Faz III – Plasman Pèmanan Freshman (kòmansman 2<sup>yém</sup> Trimès)

Pandan Faz I: Pwogram Ekperyans lan – pou kòmanse, yo montre elèv yo tout pwogram teknik yo pandan premye semèn lekòl la. Elèv yo suiv plizyè, jiska 4, prezantasyon enfòmasyon sou atelye chak jou, anplis pwogram sekirite ak eksplorasyon karyè yo. Lè semèn nan fini, elèv yo chwazi jiska 10 domèn teknik (nan lòd priyrite) yo vle aprann plis pandan Faz II: Faz Eksplorasyon an.

Pandan Faz II: Faz Eksplorasyon an – elèv yo pral eksploré jiska 8 domèn teknik yo asiyen yo pandan anviwon yon semèn chak. Elèv yo gendwa eksploré twa domèn yo chwazi; epitou, lekòl la fè efò pou li pèmèt elèv yo eksploré lòt pwogram novo ansanm ak pwogram ki mache ak rezulta Sondaj Entere Karyè Naviance la, ki se yon pwogram òdinatè ki prepare elèv yo pou yon karyè oswa gwo etid.

Toutpandan yo eseye plase elèv yo nan domèn prefere yo, yo pwogramme elèv yo pou yo suiv anviwon yon semèn nan chak 8 domèn atelye diferan y ap eksploré yo. Enstriktè sijè teknik yo pral evalye elèv yo pandan chak semèn. Y ap sèvi ak yon ribrik nòt, ki bay 30 – 100 pwen, pou evalye chak elèv ak nòt li fè pandan chak atelye pandan Faz Eksplorasyon an. Y ap kalkile yon mwayen eksplorasyon lè 8 atelye yo fini nan fen 8 semèn yo. Y ap utilize ribrik nòt la pou yo deside plasman teknik final la. Y ap evalye elèv yo selon 5 kritè ki gen menm valè. Men kritè yo: Travay ak Pwodiksyon (20%), Preparasyon (20%), Kapasite Pou Jwenn Travay (20%), Sekirite (20%), ak Travay yon Fason Pwofesyonèl (20%).

Pandan Faz III: Plasman Pèmanan, chak elèv ap chwazi pwogram teknik li prefere, ak yon dezyèm ak twazyèm chwa, pamì 8 pwogram li te eksploré. Yo aksepte elèv yo nan pwogram teknik prefere yo sou baz mwayen final nòt eksplorasyon yo (60%), nòt akademik yo (30%), asistans (5%), ak konpòtman (5%) pandan premye trimès ane freshman nan.

Y ap utilize klasman asistans ak konpòtman ki vin apre yo pandan plasman final la. Yo pap aksepte nòt pou absans apwouwe 2 semèn anvan plasman pèmanan an (gade kalandriye lekòl).

#### Asistans

0 jou	absans non-apwouwe	5 pwen
1-2 jou	absans non-apwouwe	4 pwen
3-4 jou	absans non-apwouwe	3 pwen
5-6 jou	absans non-apwouwe	2 pwen
7-8 jou	absans non-apwouwe	1 pwen
9+ jou	absans non-apwouwe	0 pwen

#### Konpòtman

Okenn ensidan	5 pwen
Elèv la te gen 1 ensidan disiplin	4 pwen
Elèv la te gen 2-3 ensidan disiplin	3 pwen
Elèv la te gen 3-4 ensidan disiplin	2 pwen
Elèv la te jwenn 1 sispansyon anndan lekòl oswa plis	1 pwen
Elèv la te jwenn 1 sispansyon deyò lekòl oswa plis	0 pwen

Y ap bay elèv freshman ki jwenn plis pwen yon plas nan atelye a anvan y ap ba yon elèv freshman ki jwenn pi piti pwen. Si yon atelye vin chaje elèv, selon kantite pwen yo, anvan yon elèv jwenn premye chwa li, y ap bay elèv la yon plas nan dezyèm chwa li, si gen plas disponib, e nan twazyèm chwa li ansuit jiskaske elèv la jwenn yon plas. Si pa gen okenn plas pou yon elèv suiv yon atelye li te eksplore, y ap pèmèt elèv la chwazi sa li pi pito pamì atelye ki toujou gen plas disponib. Y ap mete elèv nan atelye ki disponib yo selon pwen plasman yo.

Elèv 9<sup>yèm</sup> ane yo ki kòmanse asiste Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la apre Pwogram Eksplorasyon an fini gendwa eksplore pwogram travay teknik ki gen plas disponib anvan yo fè yon chwa pèmanan. Chak enstriktè ap evalye elèv yo pandan peryòd eksplorasyon an pa mwayen 5 kritè eksplorasyon ki site pi wo yo. Si kantite elèv k ap chèche yon domèn teknik an patikilye depase kantite plas ki genyen, y ap sèvi ak nòt evalyasyon (nòt eksplorasyon, nòt akademik, asistans, ak konpòtman) elèv resevwa yo pou yo deside ki elèv k ap jwenn plas nan domèn teknik sa a. Elèv ki pa jwenn premye chwa yo ap rete sou lis atant (selon lòd rezulta evalyasyon yo) pou chak atelye. Si gen yon plas ki vin disponib nan yon domèn teknik pandan ane freshman nan oswa anvan mwa oktòb ane sofmò a, y ap enfòmè elèv ki sou lis atant la e y ap ba li opòtinite transfere antre nan pwogram teknik sa a.

Y ap plase elèv yo aksepte nan Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth yo dirèk nan yon domèn ki disponib.

## **XI. EVALYASYON AK APÈL**

### Elèv yo Pa Aksepte pou Enskripsiyon/Mete sou Lis Atant:

Lè paran/respondab aplikan (yo) resevwa yon avi pa mwayen imèl nan men Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth la ki endike yo pap aksepte aplikan an epi yo mete l sou yon lis atant, yo gendwa fè yon demann pou yo fè yon revizyon desizyon an. Y ap fè sa lè yo voye yon lèt bay Administratè Sèvis Elèv la, ki se Melanie Shaw, pa imèl nan [mshaw@bptech.org](mailto:mshaw@bptech.org) ak/oswa pa lapò nan: Admissions Office Bristol-Plymouth Regional Technical School 207 Hart Street Taunton, MA 02780, anvan 30 jou pase apre dat yo resevwa avi a pa imèl la. Administratè Sèvis Elèv la pral voye demann apèl la bay Direkte oswa Direktè Adjwe lekòl la pou l fè yon evalyasyon sou desizyon an.

Direktè oswa Direktè Adjwen lekòl Bristol-Plymouth la pral reponn alekri devan apèl paran oswa responsab aplikan an pou l fè yo konnen desizyon li, anvan 30 jou pase apre li resevwa demann nan.

### Elèv ki Pa Jwenn Plas nan Pwogram Teknik/Mete sou yon Lis Atant pou Pwogram Teknik:

Pou seleksyon pwogram teknik yo, pwosesis apèl la se menm jan ak pwosesis pou elèv yo pa aksepte oswa yo mete sou yon lis atant pou enskripsiyon an, jan yo eslike sa pi wo.

## **FASON POU FÈ YON APLIKASYON**

Pou jwenn yon fòmilè aplikasyon pou Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth, ou gendwa monte sou sitwèb: [www.bptech.org](http://www.bptech.org), oswa chèche youn nan men konseye lekòl entèmedyè/lekòl segondè ou, oswa ou mèt rele Lekòl Teknik Rejyonal Bristol-Plymouth nan (508) 823-5151 ekstansyon 115 si w vle yo voye yon aplikasyon pou w pa mwayen imèl oswa si w vle yo voye youn ba w nan adrès lakay ou pa lapòs. Gen èd teknik ki disponib si w bezwen èd pou konplete aplikasyon w. Tanpri kontakte Sèvis Elèv yo nan 508-823-5151 ekstansyon 115 oswa voye yon imèl nan [mshaw@bptech.org](mailto:mshaw@bptech.org) si w bezwen plis èd.

Apèndis:

- 1a. Keson entèvyou yo, paj 1
- 1b. Keson entèvyou yo, paj 2
2. Fòmilè Rekòmandasyon Konseye Lekòl
3. Ribrik Eksplorasyon an – Nòt Chak Jou
4. Fòmilè Verifikasyon Rezidans
5. Fòmilè Pèmisyon Disiplin